CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #५२

२९।४।२०७७

Coronavirus CivActs Campaign (CCC) सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## २०७७ साउन २६ गते मन्त्रिपरिषदके बैठकसँ कएलगेल महत्वपूर्ण निर्णयसभ

०१ होटल तथा रेष्टुरेण्ट सँ लजायवला सेवा मात्रे सञ्चालनमे रहत ।

०२ लम्बा दूरीके सार्वजनिक यातायात, अन्तरराष्ट्रिय उडान, विद्यार्थी भर्ना, शैक्षिक आ आरो परीक्षा सञ्चालन भादव १६ गते तक बन्द रहत ।

०३ धार्मिक स्थलमे दैनिक नित्य पूजा बाहेक आरो कोनो भी गतिविधि सञ्चालन नै करब, फुटपाथ, खुला जगह, ठेलागाडी, साईकलमे सञ्चालित व्यवसाय निषेध रहत ।

०४ उद्योग, कलकारखाना, निर्माण क्षेत्रमे काज करवला श्रमिकके कार्यक्षेत्र परिसर भितरे खायके आ रहके व्यवस्था कर परत । अखनला अन्यत्र जगह सँ कामदार नै आनब ।

०५ २०० सँ बेसी सक्रिय संक्रमित भेल जिला आ काठमाण्डौ उपत्यकाके जनतासंगे प्रत्यक्ष सम्पर्कमे रहि सेवा प्रवाह करवला कार्यालयसभमे बेसीमे ५० प्रतिशत कर्मचारी आलोपालो कलक सेवा प्रवाह करत ।

स्रोत: https://mocit.gov.np/categorydetail/shrawan-27-mp-2077-baithak

## नेपाल अपडेट



मास्क नै लगाके कारण जोखिम बढल कहैत वीरेन्द्रनगर सुर्खेतमे सर्वसाधारणके मास्क बाँटैत प्रहरी ।

तस्बिर: जगत दलजनाला विक


### परिक्षण

पिसिआर परिक्षण: ४,७३,१७९

पोजेटिभ: २४,४३२

उपचाररत: ७,६१३

मृत्यु : ९१




Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

# हल्ला र तथ्य



सरकार अन्तरराष्ट्रिय सिमानाकासँ होबवला आवागमन भादव ३१ गते तक लेल बन्द करलक कहादन । फेर किछ नाका सँ आब देब सेहो कहने अछि । कनि स्पष्ट नै भेलै ।

२०७७ भादव ३१ गते तकके लेल अन्तरराष्ट्रिय सिमानाका सब प्रवेश बिन्दु बन्द करब कहने अछि । लेकिन, भारत सँ स्थलमार्ग होईत स्वदेश आबहे परवला अवस्थामे रहल नेपालीके लेल प्रवेश कर नेपाल-भारत सिमाके १० टा प्रवेश बिन्दु तोकलगेल छै । जै अन्तरगत, (१) काकडभिट्टा, झापा, (२) रानी, मोरङ, (३) माइर, सिरहा, (४) गौर, रौतहट, (५) वीरगञ्ज, पर्सा, (६) वेलहिया, रुपन्देही, (७) कृष्णनगर, कपिलवस्तु, (८) जमुनाह, बाँके, (९) गौरीफन्टा, कैलाली र (१०) गड्डाचौकी, कञ्चनपुर रहल छै । लेकिन नियमके दुरुपयोग केने भेटलापर मुद्दा कानून अनुसार कडा कारवाही हेतै ।

स्रोत: https://mocit.gov.np/categorydetail/shrawan-27-mp-2077-baithak



सरकार विदेशमे रहल नेपाली नागरिकके उद्धार करवला काज रोकने छै ?

अखनला नेपाल सरकार मन्त्रिपरिषदके निर्णय अनुसार अनुमती भेल आदमीसभके नेपाली कुटनीतिक नियोगके सिफारीसमे ३०० कोई आ वैदेशिक रोजगार कल्याणकारी कोष सँ खर्च कलक उद्धार कएल जायवला २०० कोई नेपाली नागरिक समेत दैनिक बेसीमे कूल ५०० कोईके लेल उडान अनुमती देबै कहने छै । एहन आदमीसभके काठमाण्डौ उपत्यके मे तोकलगेल जगहमे क्वारेन्टाईनमे राखब आ संक्रमण मुक्त भेल प्रमाणित भेलाके बाद मात्रे सम्बन्धित गन्तव्यमे पठाब परलाके कारण सेहो संख्या सीमित कएलगेल छै ।

स्रोत: https://mocit.gov.np/categorydetail/shrawan-27-mp-2077-baithak



लम्बा दूरीके सार्वजनिक यातायात नै चलल छै । वैदेशिक रोजगार सम्बन्धी बोर्डसँ भेटवला सहयोग त नै भेटवला भेलै त ?

वैदेशिक रोजगार बोर्डके सचिवालय सँ प्रदान कएल जायवला आर्थिक सहायता कोभिड - १९ के कारण बोर्डके कार्यालयसँ देनाई असम्भव भेलाके कारण सँ जरुरी कागजात सहित स्थानिय तहमे निवेदन देब सकके व्यवस्था कएलगेल छै । अई सम्बन्धी आरो जानकारी श्रम कल सेन्टर ११४१ या बोर्ड सचिवालयके फोन नं. ४२२०३११ तथा वेवसाईट www.fepb.gov.np सँ प्राप्त कएल जासकैत अछि ।

स्रोत: http://www.fepb.gov.np/detail/89/suchana



किछ विद्यालयसभ कक्षा ११ के परीक्षा तालिका सार्वजनिक करलक कहादन । कि अखनके अवस्थामे परीक्षा सञ्चालन हेबै करतै त ?

नेपाल सरकारद्वारा अखनतक विद्यालय पुन: सञ्चालनके कोनो निर्णय नै केने छै । फेर कोभिड - १९ के संक्रमण बढला संगे, भादव १ गते सँ स्वास्थ्य सुरक्षा मापदण्ड पालना कलक सञ्चालन करब कहने विद्यार्थी भर्ना आ परीक्षा सञ्चालन भादव १६ गते सँ आगु सञ्चालन नै करब कहिक साउन २६ गते बैसल मन्त्रिपरिषदके बैठक सँ निर्णय कचुकल अछि । तै सँ सरकार विद्यालय पुन: सञ्चालनके निर्णय नै भेलातकके लेल परिक्षा सम्बन्धी काजसभ नै कर आ कराब सम्बन्धित सबके सूचित केलक अछि ।

स्रोत: http://www.neb.gov.np/uploads/photos/V5_1SjUkf8200807065825.PNG

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु
२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ






COVID-19
को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन
viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ
३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| | नेपाली | संक्रमित | नेपाली संक्रमित | मृत्यु भएका नेपाली |
|---|---|---|---|---|
| साउदी अरब | ३,३४,४५१ | २,९३,०३७ | १,७५० | ९ |
| कुवेत | ७१,१९३ | ७३,७८५ | १५०० | ७ |
| बहराईन | २६,००० | ४५,२६४ | ४५१ | ३ |
| कतार | ४,०६,९१७ | १,१३,९३८ | २०,६०० | १६ |
| युएई | २,२४,९०५ | ६३,२१२ | २००० | ३० |
| ओमान | १७,०५७ | ८२,२९९ | ४५ | १ |
| मलेसिया | ५,००,००० | ९,१२९ | ८१ | |
| दक्षिण कोरिया | ३८,८६२ | १४,७७० | | |



- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

ShramikSanjal

**कि आहाँ छुट्टीके बाद यु.ए.ई. फिर्ता जारहल छी ?
ई बातसभके ध्यान देलजाऊ ।**

यू.ए.ई.मे काज करहल लेकिन अखन छुट्टीमे भेलसभ फेरो यू.ए.ई. फिर्ता जायपरल त २ जगहसँ (ICA/G-DRFA) अनुमती लेब परैत छलै । लेकिन, अहि अगस्त १२ गते सँ लागु भल क आब ऊ जरुरत नै परतै । लेकिन, निचादेल गेल स्टेपसभ मुदा अनुशरण करु कहिक ICA ई सूचना सार्वजनिक केने अछि:

१. www.uaeentry.ica.gov.ae मे जालक अपन जानकारी अपडेट कएल जाऊ ।
२. Airline सँगे बात कलक टिकट लेब सँ पहिले या बादमे नेपाल सरकारद्वारा मान्यता प्राप्त ल्याब सँ PCR परीक्षण कराएल जाऊ ।
३. हवाई टिकट लेल जाऊ ।
४. आरो जरुरत परवला कागजातके साथमे PCR Negative Report सहित Airport गेल जाऊ ।
५. यू.ए.ई.के Airport मे पुगलाके बाद एऋट त्भकत के लेल नमुना देलजाऊ ।
६. Al Hosn मोबाईल Application Download कलक अपन जानकारी अपलोड कएलजाऊ ।
७. यदि PCR Positive आएल अवस्थामे होम क्वारेन्टाईनमे रह परत । एकर बढिया सँ पालना कएल जाऊ। जँ होम क्वारेन्टाईनके नियम पालना नै केने अवस्थामे ५०,००० दिरहाम तक जरिवाना तिर परत ।

**www.facebook.com/shramik.sanjal** सँ आहाँ प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साझँमे **UAE Time (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight)** हमरासभके लाईभ देख सुन सकैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## संघिय सरकार

**जम्मा**

तिन पटक गरेर नेपाल सरकार
अर्थ मन्त्रालय मार्फत छुट्याईएको

**करिब १ अर्ब ४८ करोड**

कोरोना भाईरस जोखिम नियन्त्रण, रोकथाम तथा नियन्त्रण कोषमा जम्मा

**करिब २ अर्ब २६ करोड**

**दाता**

ए.डि.बि.
करिव ३० अर्ब ३३ करोड

विश्व बैंक
करिव ३ करोड ४८ लाख

आई.एम.एफ.
करिव १५ अर्ब ८८ करोड

युरोपियन युनियन
करिव ९ अर्ब ९४ करोड

**खर्च**

कोरोना भाईरस विरुद्धका गतिविधिमा नेपाल सरकारले गरेको खर्च
स्वास्थ्य मन्त्रालयलाई निकासा

**करिब ४ अर्ब १० करोड**


रक्षा मन्त्रालय मार्फत कोरोना रोकथाम र नियन्त्रणका लागि चाहिने स्वास्थ्य उपकरण खरिदको लागि


**२ अर्ब ३४ करोड** निकासा

## प्रदेश सरकार

| प्रदेश | प्रदेश १ | प्रदेश २ | बागमती प्रदेश | गण्डकी प्रदेश | प्रदेश ५ | कर्णाली प्रदेश | सुदुरपश्चिम प्रदेश |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| जम्मा रकम | करिब २९.४ करोड | करिब २६.६ करोड | करिब ४२.९ करोड | करिब १८.३ करोड | करिब १५.६ करोड | करिब २५.४ करोड | करिब ४२.५ करोड |
| खर्च गरिएको रकम | करिब १९.३ करोड | करिब १३.३ करोड | करिब १३.६ करोड | करिब १५.४ करोड | करिब ७.७९ करोड | करिब २३.९ करोड | करिब ३६.४ करोड |

## आ.व. २०७५/७६ मे प्रदेश नं. १ के बेरुजुके अवस्था




जम्मा लेखा परीक्षण गरिएको रकम


**३४ अर्ब ६ करोड**

जम्मा लेखापरीक्षण गरिएका कार्यालय **२००**

बेरुजु देखिएका कार्यालय **७२**

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## आर्थिक वर्ष २०७५/७६ मे प्रदेश नं. १ के खर्च बेरुजु देखाएल मन्त्रालयके तुलनात्मक अध्ययन




प्रदेश नं. १ मे ओकर जम्मा लेखा परीक्षण भेल रकम मे सँ १ अर्ब ६० करोड खर्च (४.८३%) बेरुजु देखाईत अछि । जे कि एकदमे बेसी छै, लेकिन प्रदेश नं.१ के जम्मा बजेट सेहो बहुते छै । जम्मा ३६% (२०० मे सँ ७२) कार्यालयसभमे मात्रे खर्च बेरुजु भेल देखाईत छै, जे कि बढिया संकेत छै । तुलनात्मक रुपमे कमे कार्यालयसभमे खर्च बेरुजु देखेनाई बढिया बात छै । किया कि, कमे कार्यालयसभमे सहजता सँ अनुगमन कयल जा सकैत छै । प्रदेश नं. १ मे ५४% बेरुजु पेश्कीके कारण भेल छै । तहिना कलक ३१% बेरुजु प्रमाण कागजात पेश नै भेल कारण सँ देखाएल छै । प्रमाण कागजात पेश ने कलक केने खर्च सँ कार्यालयके नैतिकता उपर प्रश्न उठाबै छै । तै सँ एकरा रोकके लेल तत्काल पहल केनाई जरुरी छै ।

प्रदेश नं. १ के कार्यालयसभमे खर्च बेरुजु कम देखेलाके कारण सँ, बहुते बेरुजु मन्त्रालयमे भेल बुझाईत अछि । ई प्रदेशमे भौतिक पूर्वाधार विकास मन्त्रालयमे मात्रे ६०% सँ बेसी बेरुजु देखाल छै । तहिना कलक सामाजिक विकास मन्त्रालयके खर्च बेरुजु २४% छै । अई सँ कि त प्राथमिकताके क्षेत्रमे बजेट छुट्याओल गेल नै छै अथवा प्रमाण कागजात पेश ने कलक खर्च केने छै से देखाबैत छै । कृषि, पर्यटन तथा आन्तरिक मामिला मन्त्रालयमे सेहो बहुते खर्च बेरुजु देखाईत छै । आगामी आर्थिक वर्षमे वित्त व्यवस्थापनके चुस्त बनाब प्रदेश सरकारके प्रभावकारी रुपमे अनुगमन कर परत से देखाईत अछि ।

नोटः हमरासभके उद्देश्य सरकारद्वारा कयलगेल बढिया काज आ छुट्याओलगेल बजेटके विषयमे सबके जानकारी होई आ तेकरबाद अई विषयमे नागरिक आ आरो सरोकारवालाके बीचमे बातचित भलक सरकारके पर्याप्त पृष्ठपोषण प्राप्त होई से अछि । एत प्रस्तुत विवरण पूर्ण नै छै । उपलब्ध माध्यमसँ संग्रह कलक राखलगेल अछि । आरो सही तथ्यांक संकलन कलक परिमार्जन करैत जायब । अईमे सबकोईके सहयोग क देब लेल आग्रह करैत छी ।



## डा. मंगल रावल

निर्देशक, कर्णाली स्वास्थ्य विज्ञान प्रतिष्ठान, जुम्ला

"फागुन ११ मे कर्णाली स्वास्थ्य विज्ञान प्रतिष्ठानमे कोभिड टास्कफोर्स बनाश हमसभ काज केने छलौ । टास्कफोर्स सरोकारवालासभके जनचेतना अभि( वृद्धिके काज केलक । कोरोना नियन्त्रणमे कर्णाली स्वास्थ्य विज्ञान प्रतिष्ठा( नमे कएलगेल जनशक्ति परिचालनके मोडेलके सरकार देशभैर लागु करपर( वला बात हमसभ कहैत आबिरहल सेहो छी । कर्णाली प्रदेश सरकारसंगे समन्वय कलक कर्णाली स्वास्थ्य विज्ञान प्रतिष्ठान १९ टा रणनीतिक जगह( सभपर ४२ टा डाक्टरसभ गामगाममे पठौने छलौ । लकडाउनके समयमे आसानी सँ बिमारीके रिफर केनाई सहज नै भेलाके कारण डाक्टरसभके गाममे पठेने छलौ । अहि मोडेलमे सरकार अनेकोरास प्रतिष्ठानसभके जनशक्ति परिचालनमे ध्यान देलापर कोरोना नियन्त्रणमे सहजता हेतै ।"

## करुणा भट्टराई

जनस्वास्थ्य अधिकृत, सामाजिक विकास मन्त्रालय, कर्णाली प्रदेश



"वितल आर्थिक वर्षमे कोरोना नियन्त्रणके लेल प्रदेशमे पर्याप्त बजेट नै छलै । लकडाउनके कारण विकासके गतिविधि रुकलाके कारण ओ रकम रकमा( न्तर कलक कोरोना नियन्त्रण कोष ठाड् केलौ । ई महामारी सँ हमरासभके विपत्तीके लेल कनि बेसीये बजेट छुट्याब परैत छै से सिखेलक । अखन अस्पताल, संघिय सरकार, प्रदेशके मन्त्रालय आ स्थानीय तहसंगे समन्वय कल रहल छी । हमसभ नियमित रुपमे प्रेस ब्रिफिङ, प्रेस नोट आ मन्त्रालयके फेसबुक पेजसँ कर्णालीमे कोरोना भाइरस संक्रमितके अवस्था, रोकथाम तथा नियन्त्रणके अवस्था आ अईसँ सम्बन्धित बहुतोरास तथ्यांकसभ नियमित रुपमा दैनिक उपलब्ध कराबैत आबीरहल छी ।"



## चाण्डिका अधिकारी

स्टाफ नर्स, जलेश्वर कोभिड - १९ अस्पताल, महोत्तरी


"जलेश्वर कोभिड - १९ अस्पतालके आइसोलेशनमे जेठ ११ गते एकाएक बहुते संक्रमितसभ आबिगेलाह । जलेश्वर अस्पताल १५ शैयाके मात्रे रहितो, संक्र( मितसभके राख शुरुमे ५० शैयातक बढाओल गेल । संक्रमित बढ् लगलाके बाद १०० टा शैया राखल गेल छै । शुरुके दिनमे संक्रमित भर्ना भेलाके बाद स्वास्थ्यकर्मी आ आरो कर्मचारी डराक अस्पताले आब छोडने छलै । उपयुक्त परामर्श पश्चात सब अस्पताल आब लागल । अखन सेहो संक्रमितके चाप घटल नै छै । शुरुमे त पिपिइ लगाब सँ ललक, तेकर व्यवस्थापन केना करब सेहो चिन्ता छलै । आब धिरे धिरे सब सामान्य भलरहल छै ।"

# न्युजिल्याण्ड कोराना मुक्त भरहल समयमे नेपाल आरो जोखिम दिस धकेलाईत



नेपालमे कोभिड - १९ के पहिल संक्रमण २०७६ माघ ९ गते पुष्टि भेलै । तखन, नमुना परीक्षणके लेल देश बाहर पठाबपरवला अवस्था छलै । आईके मितिमे देश भितरे प्रतिदिन २० हजार नमुना परीक्षण कर सकवला ३८ टा प्रयोगशाला छै । चीन सँ शुरु भेल भाईरस सँ युरोप आ मध्यपुर्वी एसियाके प्रभावित कचुकल छलै । विश्वे अनुमानके भरमे आगु बढिरहल समय मे, नेपालके तैयारी कि छलै से तर्क अपने मे कमजोर छै । लेकिन, सम्भावित खतरासँ बचके लेल समय रहैत लकडाउनके घोषणा केनाई एकमात्रे निर्विकल्प उपाय छलै । तसर्थ २०७६ चैत्र ११ गते अर्थात २४ मार्च २०२० सँ नेपालमे लकडाउन शुरु भेलै । जखन नेपालमे जम्मा ६१० टा परीक्षण भेल छलै आ ओईमे सँ दू कोईमे मात्रे संक्रमण पुष्टि भेल छलै । तुलनात्मक अध्ययन करबै त हालसाले विश्वेमे कारोना मुक्त राष्ट्र कहलगेल न्युजि(ल्याण्डमे नेपालमे लकडाउन शुरु भेलाके दोसर दिन अर्थात २५ मार्च २०२० मे लकडाउन शुरु होईतकाल मे १०२ कोईमे संक्रमण पुष्टि भचुकल छलै ।

## केना सफल भेलै न्युजिल्याण्ड ?



२ फेब्रुअरी २०२० मे चीन सँ बाहरके देशमे फिलिपिन्समे एक कोईके कोरोना भाईरस सँ मृत्यु भेलै । जखन न्युजिल्याण्डमे एकोकोईके तक संक्रमण पुष्टि भेल नै छलै, तेकर दोसरे दिन ऊ चीन भलक आबवला सब विदेशीके देश प्रवेशमे रोक लगेलकै आ ओना आबवला अपन नागरिक के १४ दिनके लेल आईसोलेशनमे रखलकै । जखन मार्च १६ मे पहिल संक्रमण पुष्टि भेलै, तखन ऊ संक्रमण नै भेल क्षेत्रसँ आबवला नागरिकके सेहो सेल्फ आईसोलेशनमे रह पठेलक । तेकर बाद राष्ट्रपति "कोनो माफी नै" घोषणा केलैथ आ सबके लेल सिमानाका पूर्ण रुपसँ बन्द कएल गेलै । तेकरबाद ऊ "फेर स्टेज अलर्ट सिस्टम" लागु केलक । ओसभ ई प्रणाली लागु करैतकाल अवस्था दोसर चरणमे पहुच चुकल छलै । मार्च २५ मे चारिम चरणमे पुगलै आ लकडाउनके घोषणा भेलै । सबसँ प्रभावकारी त ओकर सूचना प्रवाह आ लकडाउनके कार्यान्(वयन भेलै । एना ऊसभ कोरोना मुक्त भेल । एकरा कायम करके चूनौती हुनकासभमे अखनो बाँकी छै । लेकिन, विश्वके सामने एक उदाहरण बैनके एनाई सत्य छै ।

## नेपालके कत चुकल ?




प्रश्न उठैत छै, नेपाल कि नै केलक ? हँ, न्युजिल्याण्ड जे केलक नेपाल सेहो उहे केलक । लेकिन, न्युजिल्याण्डमे संक्रमण शुन्य भऽरहल समयमे नेपाल आरो जोखिम दिस धकलारहल अछि । समुदाय स्तरमे संक्रमण रफ्तारके शैलीमे फैलरहल छै । किया कि नेपालमे नियम पालना करनाई आ कराबवला एकर गम्भीर्यताके नै बुझलक । नै त सरकारके तरफ सँ पर्याप्त तैयारी आ प्रभावकारी व्यवस्थापने होब सकल । नै त कर्णाली प्रदेशद्वारा लागु कएलगेल जनशक्ति परिचालनके मोडेल के सरकार ग्रहण कर सकल । तैपर सँ दवाई तथा उपकरण किनमे अनियमितता भेलै कि नै तहु विषयमे स्पष्टिकरण आ प्रमाण जुटाबमे सरकार समय बर्बाद केलक।

सुरेश चन्द

सही सूचना

# नेपालमे सकृय संक्रमितके संख्या केना बढिरहल छै

## बहुते ससकृय संक्रमितके संख्या भेल जिलासभ




उपरके ग्राफसँ बहुते सकृय संक्रमितके संख्या भेल जिलासभके देखाबैत छै । सकृय संक्रमितके संख्या बहुते भेल जिलासभ मे सँ काठमाण्डौ १०४० कोई, सकृय संक्रमित सहित तालिकामे आगु छै । उपरका जिलासभमे भेल सकृय संक्रमितके जम्मा संख्या देशभैरके जम्मा संक्रमितके संख्याके दू तिहाई छै । दोसर दिस, नेपालके ६ टा जिलामे सकृय संक्रमितके संख्या शुन्य छै । बहुते सकृय संक्रमित भेल जिलासभ काठमाण्डौ आ पर्सामे त समुदाय स्तरमे संक्रमण फैलिचुकल छै । आरो एक तिहाई सकृय संक्रमित मुदा बाँकी ६० टा जिलामे अछि । अईसँ दूटाबात कहल जासकैत अछि, १) बेसी सकृय संक्रमित भेल जिलासभमे लकडाउन ढिला भेल संगे संक्रमणके दर बढ्लै आ २) यदि प्रभावकारी कन्ट्याक्ट ट्रेसिङ नै हेतै त, आरो जिलामे सेहो अहिना कलक संक्रमण फैलमे ई उदाहरण पर्याप्त छै ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

एहि अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतरास संस्था तथा आदमी, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेब पेज, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स (समुदायमे आगु आबिक काज करवलासभ) आ सिभिक एक्सन टिम (नागरिक कार्य समूह) द्वारा अहि अगस्त महिना भितर २००० सँ बेसी आदमीसंगेके बातचितसँ संकलन कएलगेल अछि । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ चयन कएलगेल अछि । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मितितक सत्य अछि ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs